

Ki Jan Pou Chanje Yon Sèvyèt

- Pote yon sèvyèt nèt nan twalèt la.
- Lave men w.
- Desann souvètman w epi chita sou twalèt la.
- Detache sèvyèt ki itilize a nan kilòt la epi woule l pou kenbe likid la. (1)
- Vlope sèvyèt ki itilize a nan papye twalèt oswa nan anbalaj ekstèn sèvyèt nèt la. (2)
- Retire papye ki kouvri adezif la nan do nouvo sèvyèt la. (3)
- Peze nouvo sèvyèt la nan kilòt la. Si sèvyèt la gen "zèl," retire adezif la nan yo epi vlope yo alantou bò kilòt la pou plis sekirite. (4)
- Jete sèvyèt ki itilize a byen vlope nan fatra. (5)
- Pa janm jete yon sèvyèt san vlope, menmsi yo pa twò sal. Asire w ke okenn bèt domestik pa ka antre nan fatra a.
- Lave men w byen ak dlo tyèd ak savon. (6)

